

Pwopozisyon Tarif IndyGo Kesyon Moun Poze Souvan

PWOPOZISYON CHANJMAN NAN TARIF

1. Ki jan IndyGo te deside pwopoze pou yon ogmantasyon tarif yo ak \$1.00?

IndyGo pa te ogmante tarif yo depi plis pase 15 ane. Depi lè sa a, enflasyon an te febli valè tarif \$1.75 la. Tarif \$2.75 ki pwopoze a baze prensipalman sou nesesite pou ajiste pou enflasyon an ak sou lefèt ke pri pou bay sèvis la kontinye ap monte.

2. Èske IndyGo ta konsidere aplike ogmantasyon tarif ki pwopoze a pa etap sou yon peryòd tan ki pi long?

IndyGo te detèmine ke pwosesis ki pi efikas epi ki gen mwens enpak sou pasaje yo se pou aplike ogmantasyon tarif ki pwopoze a yon sèl kou. Yon fwa li fini, ajans lan ka reyalize pi gwo enpak epi pasaje yo ka fè ajisteman yon sèl fwa a san plizyè deranjman nan pwosesis la.

BEZWEN POU CHANJMAN TARIF YO

3. Poukisa IndyGo ap pwopoze pou ogmante tarif yo?

IndyGo ap pwopoze pou ogmante tarif yo paske frè fonksyònman yo te ogmante anpil toutbon akòz enflasyon, pri gaz ak ogmantasyon frè mendèv ak kapital. Malgre depans sa yo k ap monte, IndyGo pa te ogmante tarif yo depi plis pase 15 ane. San yon ogmantasyon tarif, IndyGo ka fè fas ak desizyon difisil tankou rediksyon sèvis oswa ranvwaye amelyorasyon. Ogmantasyon tarif yo se youn nan etap ki nesesè pou asire nou ka kenbe yon sèvis fyab epi kontinye investi nan yon rezo transpò solid epi antretni li.

4. Poukisa IndyGo ap pwopoze pou ogmante tarif yo kounye a?

Pa te janm gen yon bon moman pou ogmante tarif yo. Lè IndyGo pwopoze ogmantasyon sa a kounye a, li ka wè ogmantasyon tarif ki pi modès alavni.

Evènman enpòtan te gen enfliyan sou moman pwopozisyon sa a. An 2016, chanjman tarif yo te mete sou kote apre referandòm transpò piblik la ke votè yo te apwouve, ki te bay priyorite a agrandisman sèvis la. An 2019, fòkis la te chanje pou vin lansman reyisi Red Line lan. Pandan pandemi COVID-19 la, IndyGo te pran yon poz nan diskisyon sou tarif yo pou asire kontinyite sèvis la epi bay priyorite a sante e sekirite.

Kounye a, avèk pri k ap monte yo epi yon nesesite pou dirabilite finansye alontèm, IndyGo ap angaje kominote a nan yon pwosesis transparan pou konsidere pwopozisyon tarif sa a. Nou pran angajman pou minimize fado a sou pasaje yo pandan n ap kenbe kalite ak fyabilite sèvis kominote nou an depann sou li a.

5. Poukisa referandòm fiskal sou revni 2016 la pa kouvri tout frè fonksyònman IndyGo yo?

Referandòm 2016 la, ak lajan ki te kolekte ogmantasyon taks sa, se nan objektif e se te nan objektif pou finanse amelyorasyon ki dekri nan Plan Transpò Konte Marion an, ki gen ladan ogmantasyon sèvis wout lokal yo ak mizanplas twa liy transpò rapid otobis. Sa gen ladan frè investisman ak fonksyònman, ansanm ak frè pou opere sèvis ki ogmante a, sa gen ladan frè mendèv pou operatè anplis ak otobis anplis. Li pa gen ladan estimasyon pou frè administratif ak frè antretyen ki asosye ak Plan Transpò Konte Marion an. Pandan uit ane depi IndyGo te kòmanse resevwa revni ki soti nan referandòm nan, IndyGo te fè gwo pwogrè nan direksyon pou reyalize vizyon Plan Transpò Konte Marion an, kote li te kenbe tarif la nan \$1.75 jiskaprezan.

6. Ki jan ogmantasyon tarif ki pwopoze a pral benefisye pasaje yo?

Kwak ogmantasyon tarif sa a pa lye ak nouvo wout oswa sèvis elaji, li jwe yon wòl esansyèl nan soutni sistèm transpò piblik kominote nou an depann sou li chak jou a. Revni anplis la pral ede IndyGo:

- Kenbe otobis yo fonksyone yon fason ki fyab nan kouvri frè gaz k ap monte, antretyen ak pyès.
- Soutni mendèv premyè liy lan – operatè, mekanisyen ak estaf sèvis nou yo – k ap bay sèvis an sekirite chak jou.
- Stabilize finans IndyGo pou evite plis chanjman ki lakòz deranjman alavni.
- Kenbe pwogram tarif yo tankou plafonman tarif, pas gratis ak pas rabè, ak opsyon demi tarif.

Ajisteman sa a asire nou ka pwoteje sa ki pi enpòtan pou pasaje yo: sèvis fyab, trajè an sekirite epi yon sistèm ki bon pou tout moun.

ENPAK SOU PASAJE YO

7. Poukisa IndyGo ap elimine tikè 10 trajè ak tikè 31 jou yo?

Nan kad mizajou Politik Tarif 2019 la, IndyGo te kòmanse elimine pas 10 trajè a, lesepase 31 jou a ak S-pass la pou soutni tranzisyon nan direksyon sistèm tarif elektwonik MyKey an epi senplifye estrikti tarif la anjeneral.

Pas ki baze sou papye yo pi chè pou pwodui, yo pi difisil pou jere epi yo mwens fleksib pou pasaje yo. MyKey ofri yon opsyon ki pi pratik paske li pèmèt pasaje yo peye oframezi epi otomatikman benefisye pas chak jou ak chak semèn grasa plafonman tarif la—sa ki elimine nesite pou fè gwo peman davans.

Chanjman sa a soutni objektif alontèm IndyGo pou modènize sistèm nan, amelyore efikasite epi asire tout pasaje yo gen aksè nan opsyon tarif fleksib ak abòdab.

8. Kilè IndyGo t ap sispann vann tikè 10 trajè ak 31 jou yo, S-Pass yo ak Summer Youth Pass yo?

1 Jiyè 2026.

9. Ki lè IndyGo t ap sispann aksepte tikè 7 jou, 10 trajè ak 31 jou, S-Pass ak Summer Youth Pass yo?

1 Jiyè 2027.

10. Poukisa pi gwo ogmantasyon tarif IndyGo ki pwopoze a afekte pasaje ki itilize IndyGo Access?

Tarif ki pwopoze a baze prensipalman sou nesesite pou ajiste pou enflasyon an ak sou lefèt ke pri pou bay sèvis la kontinye ap monte. IndyGo ap fè aktivite pou eksplòre estrateji pou diminye fado a sou pasaje IndyGo Access revni fèb yo.

AKSESIBILITE

11. Ki pwogram rabè byen presi sou tarif oswa èd finansye ki pral disponib pou pasaje ki ka gen difikilte pou peye ogmantasyon tarif ki pwopoze a?

Moun ki andikape, moun ki gen 65 lane oswa plis, ak moun ki gen 18 lane oswa mwens ap kontinye peye sèlman mwatye pri. Moun ki kliyan IndyGo Access kalifye tou pou kous demi tarif sou sèvis wout fiks nou an. Anplis de sa, veteran yo ap kontinye vwayaje gratis sou sèvis wout fiks nou an.

12. Ki mezi y ap konsidere pou konpanse fado finansye sou pasaje revni fèb yo?

Sistèm MyKey a ofri yon limit tarif, sa ki pèmèt pasaje yo “benefisye” kous gratis, ak pas chak jou oswa chak semèn amezi y ap vwayaje epi elimine nesesite pou peye gwo sòm davans (tankou pou yon tikè 31 jou). Sa konsidere kòm pi jis, sitou pou pasaje revni pi fèb yo ki gendwa pa gen mwayen pou peye yon pas plizyè jou yon sèl kou. Anplis de sa, mwatye pri a rete an plas pou granmoun aje, moun ki andikape ak pou jèn yo. IndyGo ofri tou tikè gratis pou plizyè gwoup, sa gen ladan veteran yo.

KISA KI GEN APRE SA?

13. Kijan piblik la kapab fè tande vwa yo sou chanjman sa yo ki pwopoze a?

IndyGo pral òganize yon seri reyinyon piblik vityèl ak an pèsòn nan tout vil la, jounen pòt ouvèt nan Julia M. Carson Transit Center ak angajman abò otobis avèk Anbasadè Transpò nou yo. Pou jwenn yon lis detaye sou okazyon pou aprann plis epi bay fidbak, tanpri vizite [IndyGo.net/value-of-transit](https://www.indygo.net/value-of-transit). Sa yo ap fèt ansanm ak yon odyans piblik ofisyèl pandan reyinyon Konsèy Administrasyon an nan mwa Jen kote rezidan yo ap gen chans pou pale dirèkteman avèk Konsèy Administrasyon an.

14. Ki jan IndyGo pral asire pasaje yo konprann nouvo estrikti tarif yo ak opsyon tikè yo?

- a. IndyGo planifye pou adopte yon apwòch ki gen plizyè aspè pou asire pasaje yo konprann nouvo estrikti tarif yo ak opsyon tikè yo, espesyalman pandan l ap elimine ansyen pwodui tarif yo (tankou tikè 10 trajè ak tikè 31 jou) epi lanse nouvo tarif yo.
- b. IndyGo pral lanse yon kanpay komunikasyon ak maketing pou eksplike ogmantasyon tarif ki pwopoze a, diferans ki genyen ant MyKey ak tarif papyè tradisyonèl la, epi kijan sistèm plafonnman tarif la ka fè pasaje yo

ekonomize lajan. Kanpay sa a pral gen ladan seyans enfòmasyon avèk patnè paratranzit nou yo, patnè ki pa pale Anglè byen ak Fondasyon IndyGo a pandan y ap prepare pou pataje avèk patnè sibvansyon pas otobis yo, anons ak afich dijital nan otobis yo ak nan CTC a, piblisite, medya sosyal ak kouvèti medya lokal yo, nan pami anpil lòt bagay. Materyèl edikatif yo pral tradui nan plizyè lang epi yo pral fòmate pou moun ki pa pale Anglè byen ak pou pasaje ki andikape (pa egzanp, gwo karaktè, odyo).

- c. Anplwaye IndyGo yo ap disponib tou pou reyinyon vityèl, sansibilizasyon an pèsòn nan Julia M. Carson Transit Center, reyinyon piblik nan sant kominotè yo nan tout Konte Marion an, ak evènman tanporè nan reyinyon katye yo ak evènman kominotè yo.
- d. Y ap bay plis detay sou evènman sansibilizasyon ak edikasyon kominotè yo nan mwa k ap vini yo.